



Social Security

Vòl Idantite Ak  
Nimewo Sekirite  
Sosyal Ou

[www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov)

# Vòl Idantite Ak Nimewo Sekirite Sosyal Ou

Vòl idantite se youn nan krim ki gaye pi vit nan Lamerik la. Lè yon moun malonèt gen nimewo Sekirite Sosyal ou, vòlè a ka itilize li pou li jwen lòt enfòmasyon pèsonèl sou ou. Pifò tan, vòlè idantite yo itilize nimewo ou ak bon kredi ou pou aplike pou plis kredi sou non ou. Apre sa, yo itilize kat kredi epi yo pa peye bòdwo yo. Ou pa konnen anyen de moun ki itilize nimewo ou jouk kredi ou bese, oswa ou kòmanse resevwa apèl telefonik kreditè enkoni k ap mande ou peman pou bagay ou konnen ou pa t janm achte.

Yon moun ki itilize nimewo Sekirite Sosyal ou ilegalman epi ki pran idantite ou ka lakòz anpil pwoblèm.

## Nimewo ou konfidansyèl

Nimewo Sekirite Sosyal ou ak dosye nou yo konfidansyèl. Nou pa bay okenn moun nimewo ou, sof lè lalwa otorize sa. Ou ta dwe pran prekosyon konsènan ki jan ou ap pataje nimewo ou avèk yon moun ki mande li (menm lè ou resevwa yon benefis oswa yon sèvis).

## Pa fè li fasil pou yon moun vòlè nimewo ou

Vòlè idantite yo jwenn enfòmasyon pèsònèl ou lè yo:

- Vòlè bous, valiz ak kourye ou (etadkont bank ak kat kredi, òf kredi pre-apwouve, kat pou fè apèl telefonik ak enfòmasyon sou taks);
- Vòlè enfòmasyon pèsònèl ke ou bay nan yon wèbsayt ki pa an sekirite sou Entènèt, nan biznis ou oswa dosye pèsònèl ou nan travay ou avèk lakay ou;
- Fouye nan fatra pou yo jwenn enfòmasyon pèsònèl ou;
- Pran pòz yo se moun ki bezwen enfòmasyon sou ou legalman, tankou travay oswa pwopriyetè kay, oswa
- Achte enfòmasyon pèsònèl nan sous “andedan”. Pa egzanp, yon vòlè idantite ka peye yon anplwaye magazen pou li jwenn enfòmasyon pèsònèl ou ki parèt sou yon aplikasyon ou te ranpli, swa pou manje, swa pou lòt sèvis kredi.

## Pran prekosyon ou avèk kat ak nimewo Sekirite Sosyal ou pou yo pa vòlè idantite ou

Montre kat ou nan travay ou lè ou kòmanse yon djòb pou dosye ou yo ka kòrèk. Apre sa, mete li yon kote ki an sekirite. **PA MACHE** avèk kat ou sou ou.

## Ki jan mwen ka rapòte yon moun ki itilize nimewo Sekirite Sosyal

Ou ta dwe pote plent nan Federal Trade Commission (Komisyon Federal Komès) nan:

- Entènèt—  
[www.consumer.gov/idtheft](http://www.consumer.gov/idtheft)
- Telefòn—  
**1-877-IDTHEFT (1-877-438-4338)**
- TTY—  
**1-866-653-4261**

Si ou panse gen yon moun ki itilize nimewo ou pou li travay, ou ta dwe kontakte Sekirite Sosyal. Yon fason pou chèche konnen si yon moun itilize nimewo ou pou li travay se tcheke sa *Social Security Statement* (*Etadkont Sekirite Sosyal*) ou di. *Etadkont* la endike tout salè ou ki enskri nan dosye Sekirite Sosyal ou. Si ou jwenn yon erè nan *Etadkont* ou, kontakte Sekirite Sosyal san pèdi tan.

**Kisa pou mwen fè si mwen panse yon moun itilize nimewo mwen epi li kreye pwoblèm kredi pou mwen?**

Si yon moun te itilize nimewo Sekirite Sosyal ou pou li jwenn kredi, Sekirite Sosyal pa ka repara dosye kredi ou. Pou repara dosye kredi ou:

- Rele kreditè ki te apwouve kredi a (kontake yo avèk yon lèt tou).
- Fè yon rapò lapolis.
- Kontakte depatman fwod nan pi gwo biwo kredi yo. Mande yo:
  - Pou ou gen yon avètisman sou dosye ou, ki egzije kreditè yo pou kontakte ou anvan yo apwouve plis kredi sou non ou ak nimewo ou;
  - Konbyen tan y ap avèti ou sou aktivite ki fèt nan kont ou epi ki fason ou ka pwolonje valè tan ke y ap avèti ou la, si sa nesèsè; epi
  - Pou yo ajoute yon nòt sou rapò kredi ou- li dwe gen non ou epi li dwe eksplike pwoblèm ou ap konfronte a, epi tou li dwe gen yon nimewo telefòn pou yo kapab rele ou si yo bezwen ou;

Mande yon kopi rapò kredi ou nan chak pi gwo biwo kredi yo epi tcheke pou wè si li gen nenpòt enfòmasyon ki etranj. Si yo ta refize ba ou kredi, ou ka gen dwa pou ou jwenn yon kopi rapò kredi ou pou gratis.

## Men pi gwo biwo rapò kredi yo:

Equifax

*[www.equifax.com](http://www.equifax.com)*

Rapòte fwod:

**1-800-525-6285**

Mande yon rapò kredi:

**1-800-685-1111**

P.O. Box 740241

Atlanta, GA 30374-0241

Experian

*[www.experian.com](http://www.experian.com)*

Rapòte fwod:

**1-888-397-3742**

Mande yon rapò kredi:

**1-888-EXPERIAN**

**(1-888-397-3742)**

P.O. Box 1017

Allen, TX 75013-0949

TransUnion

*[www.tuc.com](http://www.tuc.com)*

Rapòte fwod:

**1-800-680-7289**

Mande yon rapò kredi:

**1-800-916-8800**

Fraud Victim Assistance Department

(Depatman pou Asistans Viktim Fwod)

P.O. Box 6790

Fullerton, CA 92834

## Jwenn yon nouvo nimewo Sekirite Sosyal

Si ou fè tout sa ou kapab pou rezoud pwoblèm nan epi moun nan toujou kontinye ap itilize nimewo ou, nou ka asiyen ou yon nouvo nimewo. Nou pa garanti ou yon nouvo nimewo ap rezoud pwoblèm ou.

Ou **pa ka jwenn** yon nouvo nimewo Sekirite Sosyal si:

- Ou deklare fayit;
- Ou ap eseye evite lalwa oswa responsablite legal ou; oswa
- Kat Sekirite Sosyal ou pèdi oswa yo vòlè li, men pa gen prèv ki endike yon moun ap itilize nimewo ou.

## Kontakte Sekirite Sosyal

Pou plis enfòmasyon epi pou jwenn kopi piblikasyon nou yo, vizite wèbsayt nou nan ***www.socialsecurity.gov*** oswa rele gratis nan nimewo telefòn **1-800-772-1213** (pou moun ki pa tande oswa ki tande di, rele nan nimewo TTY nou a, **1-800-325-0778**). Nou ka reponn kesyon espesifik yo, nan lè 7 dimaten jiska 7 diswa, lendi pou vandredi. Nou bay enfòmasyon tou nan yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Si ou bezwen yon entèprèt pou regle afè Sekirite Sosyal ou, nou ka fè ou jwenn youn gratis. Sèvis entèprèt yo disponib ni pou lè ou ap pale avèk nou nan telefòn, ni pou lè ou vini nan biwo Sekirite Sosyal. Rele nan nimewo telefòn gratis nou a **1-800-772-1213**. Si ou pa pale Angle, peze 1 epi rete sou liy lan pou jouk lè yon reprezantan reponn. N ap

kontakte yon entèprèt pou ede ou. Si afè ou a pa ka fin regle nèt nan telefòn, n ap pran yon randevou pou ou nan yon biwo lokal Sekirite Sosyal, epi n ap fè aranjman pou yon entèprèt ki pale Kreyòl prezan nan moman vizit ou.

Nou trete tout apèl yo avèk konfidansyalite. Nou vle asire tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.



Social Security Administration  
SSA Publication No. 05-10064-HC  
Identity Theft And Your Social Security  
Number (Haitian-Creole)  
January 2006